

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nyaéta alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku runtuyan sora nu geus ditangtukeun éntép seureuhna ku masarakat nu maké éta basa (Wirakusumah & Djajawiguna, 1969, kc. 5, dina Sudaryat, 2004, kc. 5).

Salaku mahluk sosial, manusa teu bisa leupas tina kagiatan komunikasi dina kahirupan sapopoéna. Basa miboga fungsi salaku alat komunikasi manusa, boh komunikasi sacara langsung, ngagunakeun media lisan, boh komunikasi sacara teu langsung nu ngagunakeun media tulisan.

Dina fungsina pikeun alat komunikasi, basa dipaké pikeun nepikeun idé, gagasan, rasa, eusi pikiran, kahayang jeung sagala pangalaman kalawan gemet tur lengkep. Pikeun ngalaksanakeun komunikasi teu langsung, nu maké basa ngagunakeun media tulis minangka alatna. Palebah dieu, nu nulis kudu boga kaparigelan pikeun ngaruntuykeun kecap-kecap saluyu jeung eusi haténa. Luyu jeung katerangan Tarigan (2008, kc. 3) yén:

Menulis merupakan suatu keterampilan berbahasa yang dipergunakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis juga merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.

Basa téh cicirén bangsa. Budi parangi, carana mikir, pacabakan, angen-angen, jeung susunan masarakat bisa kagambarkeun dina basana (Prawirasumantri spk, 2007, kc. 9). Basa Sunda mangrupa bagian tina basa anu aya di dunya anu miboga ciri mandiri anu bisa dibédakeun jeung basa séjén. Tapi dina kamekaranana, teu salawasna basa madeg mandiri, hususna basa Sunda, sabab kapangaruhan ku basa séjén saperti Sangsekerta, Indonesia, Jawa, jsté.

Pangalaman Indonesia anu kungsi dijajah ku bangsa séjén ngabalukarkeun réana basa deungeun anu nyerep kana basa Sunda, contona waé basa serepan tina basa Walanda, Jepang, Portugis, sarta basa Arab anu disebarkeun ngaliwatan

kegiatan *perdagangan* jeung *penyebaran* ajaran agama Islam dina mangsa katukang.

Ku ayana éra globalisasi ayeuna, unsur serepan dina basa Sunda beuki kacida réana, katambah deui ku ayana basa internasional nyaéta basa Inggris anu geus teu asing deui dipaké ku masarakat minangka komunikasi sapopoéna. Ku sabab éta, ayeuna geus loba unsur-unsur atawa istilah anu asalna tina basa Inggris ogé dipaké ku masarakat Sunda lantaran geus biasa jeung geus dianggap basa Sunda.

Unsur serepan mangrupa basa nu asalna tina basa séjén anu tuluy diserep tur dipaké ku masarakat Sunda. Unsur serepan aya dina kagiatan komunikasi lisan jeung tulisan. Kitu ogé dina di dunya atikan, dina pangajaran di sakolana, siswa teu leupas tina kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Tina opat kaparigelan éta, siswa ngarasa hésé dina kaparigelan nulis lantaran nulis perlu latihan nu inténs. Nu ahirna, kamampuh siswa dina basa tinulis perlu dipikanyaho. Salasahiji tarékah pikeun mikanyaho kamampuh basa tinulis siswa hususna dina maké unsur serepan bisa ngaliwatan tés tulis.

Kamampuh maké unsur serepan siswa téh bisa kapanggih dina waktu nulis rupa-rupa karangan, boh fiksi boh non fiksi, umpamana waé kapanggih dina nulis karangan éksposisi. Karangan éksposisi nyaéta karangan nu eusina miboga udagan pikeun ngajéntrékeun hiji pasualan atawa pamikiran anu bisa ngalegaan pamikiran hiji jalma.

Nulis karangan éksposisi aya dina Standar Kompetensi Dasar (SKKD) 2007 mata pelajaran basa Sunda kelas VII nu standar kompetensina nyaéta 7.4 *Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk menulis pengalaman, biografi, sajak, dan bahasan*, sarta kompetensi dasarna nyaéta 7.4.4 *Menulis bahasan (eksposisi)* (SKKD, 2007, kc. 94).

Dumasar kana hasil observasi, panalungtikan anu sawanda anu geus dilaksanakeun, di antarana nyaéta “*Kecap Serepan Basa Arab kana Basa Sunda dina Novel Béntang Pasantrén Karangan Usep Romli HM.*” (Nurkamilah, 2004), “*Kecap Serepan Basa Sunda tina Basa Jawa*” (Pandita, 2008), “*Analisis Kecap Serepan dina Karangan Berita Siswa pikeun Bahan Pangajaran Nulis di Kelas X SMAN 15 Garut*” (Aisah, 2012), “*Kecap Kosta dina Basa Sunda (Ulikan Struktur*

jeung Semantis kana Istilah Téhnologi Informasi jeung Komunikasi)” (Rahmansyah, 2007).

Aya sasaruuan jeung bédana panalungtikan anu geus aya jeung panalungtikan anu rék dilaksanakeun. Sasaruanna nyaéta sacara umum sarua pada-pada nalungtik ngeunaan unsur serepan. Ari bédana nyaéta data jeung sumber data anu ditalungtikna. Panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan unsur serepan basa Sunda tina basa Arab, nataan unsur serepan tina basa Jawa, nalungtik wangun, warna, harti kecap serepan dina karangan berita, sarta nalungtik struktur jeung semantik dina istilah TIK. Ari panalungtikan anu rék dilaksanakeun nyaéta nataan unsur serepan anu kapanggih, kasalahan nulis anu dipilampah, sarta ngukur kamampuh siswa dina karangan éksposisi.

Panalungtikan anu husus ngukur kamampuh maké unsur serepan dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VII SMP can aya nu nalungtik. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Kamampuh Ngagunakeun Unsur Serepan dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang Taun Ajaran 2013/2014” téh kacida pentingna pikeun dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan perlu diwatesanan sangkan arah panalungtikan bisa ditangtukeun sarta bisa leuwih museur kana tujuan panalungtikan. Ulikan perkara éjahan téh ngawengku makéna huruf, nuliskeun huruf, nuliskeun kecap, makéna tanda baca, jeung unsur serepan. Ku lantaran lega teuing, panalungtikan téh diwatesanan ngan medar unsur serepan tina basa anu kapanggih, kasalahan nuliskeun unsur serepan nu dipilampah, jeung kamampuh ngagunakeun unsur serepan dina karangan éksposisi siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung watesan masalah di luhur, wincikan ieu masalah panalungtikan rék disusun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- (1) Unsur serepan tina basa naon waé nu kapanggih dina karangan éksposisi siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014?
- (2) Kasalahan nuliskeun unsur serepan naon waé nu dipilampah ku siswa kelas VII SMP B Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014?
- (3) Kumaha kamampuh siswa kelas VII SMP B Negeri 3 Lembang dina maké unsur serepan waktu nulis karangan éksposisi taun ajaran 2013/2014?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kamampuh maké unsur serepan nu dilakukeun ku siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang dina karangan éksposisi taun ajaran 2013/2014.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun kamampuh maké unsur serepan dina nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang. Ari déskripsina ngawengku:

- (1) unsur serepan tina basa nu kapanggih dina karangan éksposisi siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014
- (2) kasalahan nuliskeun unsur serepan nu dipilampah ku siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014
- (3) kamampuh maké unsur serepan dina karangan éksposisi siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2013/2014.

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Panulis miharep sangkan ieu panalungtikan téh miboga mangfaat tioritis, nyaéta ngajembaran pangaweruh dina widang tata basa jeung palanggeran éjahan hususna ngeunaan unsur serepan.

1.4.2 Manfaat Praktis

Lian ti mangfaat tioritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangfaat praktis saperti ditataan ieu di handap.

- (1) Mangfaat pikeun guru nyaéta bisa jadi sumber informasi ngeunaan kamampuh dina maké unsur serepan nu dilakukeun ku parasiswa kelas VII SMP Negeri 3 Lembang, sarta méré patokan ka guru dina meunteun karangan éksposisi.
- (2) Mangfaat pikeun siswa nyaéta bisa mikawanoh kasalahan dina ngagunakeun unsur serepan, maham kana unsur serepan, sarta méré pangalaman anyar hususna dina nyieun karangan éksposisi.
- (3) Mangfaat pikeun panalungtik nyaéta meunang gambaran leuwih teleb ngeunaan kamampuh maké unsur unsur serepan dina karangan éksposisi siswa kelas VII SMP Negeri 3 Lembang.

1.5 Raraga Nulis

Nyusun hiji laporan dina wangun skripsi jadi tahap ahir dina ieu panalungtikan. Dina nulis ieu skripsi, sacara gurat badag dibagi jadi lima bab saperti ditataan ieu di handap.

Bab I bubuka, eusina ngeunaan sub judul, nya éta kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, mangfaat panalungtikan nu ngawengku mangfaat tioritis jeung mangfaat praktis, sarta raraga nulis.

Dina bab II kajian pustaka, dipedar tiori ngeunaan cara nulis unsur serepan, tiori nulis anu ngawengku watesan nulis, fungsi nulis, tujuan nulis jeung

mangpaat nulis, sarta tiori ngeunaan éksposisi nu ngawengku wangenan karangan éksposisisi, ciri-ciri éksposisi, jeung sarat nulis éksposisi.

Bab III métode panalungtikan, dina bab tilu eusina ngeunaan lokasi jeung subjék panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

Bab IV déskripsi ngeunaan data unsur serepan anu kapanggih, data kasalahan nuliskeun unsur serepan nu dipilampah, jeung kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 3 Lembang dina ngagunakeun unsur serepan.

Bab V kacindekan jeung saran, mangrupa bab pamungkas sarta gurat badag jeung intisari tina ieu panalungtikan. Bab ieu ngawengku kacindekan jeung saran.